## Аущ Христос кьызэралъхуар

1 Амахуэхэм Рим къэралышхуэ псом ис цӀыху псори ябжыну икӀи я
цӀэхэр ятхыну Август кесарым унафэ къыдигъэкӀащ. 2 Мыбы
щыгъуэщ япэ дыдэу цӀыхухэр щабжар. Ар къыщыщыхъуар Сирие
хэкум и Ӏэтащхьэу Квириние зи цӀэм и зэманыращ. 3 Арати, и цӀэр
яригъэтхын щхьэкӀэ, щхьэж и адэ-анэр зыщыщ къалэм кӀуэжащ. 4
Апхуэдэу щыхъум, Исуф Даут пащтыхьым къытехъукӀа цӀыхухэм
зэращыщым щхьэкӀэ, Галилей хэкум щыщ Назарет къалэм икӀри,
Иудей хэкум щыщ Даут и къалэ Вифлеем кӀуащ. 5 Исуф абы
щӀэкӀуар и къэшэн Мэрем и гъусэу и цӀэр яригъэтхын щхьэкӀэщ.
Мэрем лъэщыджэт, 6 икӀи абы щыӀэхэу и лъхуэгъуэ махуэр къэсащ.
7 Арати, Мэрем и къуэу и щыпэ быныр къилъхуащ икӀи хъыданым
кӀуэцӀищыхьащ. ХьэщӀэщым абыхэм щхьэкӀэ пэш лей
зэрыщыщымыӀэм къыхэкӀкӀэ, жэмэщым щӀэт щхалъэм сабийр
дилъхьащ. 8 А Ӏэшэлъашэм мэлыхъуэ гуп жэщым мэлхэр яхъумэу
губгъуэм итт. 9 НапӀэзыпӀэм абыхэм Тхьэм и мэлэӀыч къахуэкӀуащ.
Зиусхьэным и нэху гъэщӀэгъуэныщэм мэлыхъуэхэр
къыщиухъуреихьым, хуабжьу къэщтахэщ. 10 Ауэ мэлэӀычым
къажриӀащ: «Фымышынэ, ауэ фыкъэдаӀуэ! фи лъэпкъ псом щхьэкӀэ
хъыбар ӀуфӀэӀьуэшхуэ къыфхуэсӀуэтэнущ: 11 ФымыкӀуэду
фыкъезыгъэлынур Даут и къалэм нобэ къыщалъхуащ, Зиусхьэну
Христосыр аращ. 12 Нэщэнэу къыфхуэхъунур мыращ: Сабий гуэр
хъыданым кӀуэцӀыщыхьауэ, шхылъэм дэлъу къэвгъуэтынущ». 13
ИтӀанэ напӀэзыпӀэм мэлэӀычым деж уафэм щыщ мэлэӀыч гупышхуэ
къыщыхутащ. Тхьэм фӀыщӀэшхуэ хуащӀурэ мыпхуэдэу къыжаӀащ:
14 «ЩӀыхьышхуэр уафэмкӀэ Тхьэм ейщ. ЩӀылъэмкӀи Тхьэр арэзы
зыхуэхъу цӀыхухэм гузэгъэгъуэр яйщ». 15 МэлэӀычхэр ӀукӀыжу,
уафэм дэкӀуеижа нэужь, мэлыхъуэхэм зэжраӀэжащ: «Зиусхьэным зи
гугъу къытхуищӀа къэхъу-къащӀэр тлъагъуну Вифлеем дывгъакӀуэ».
16 Арати, пӀащэу Вифлеем кӀуэхэри, Мэремри, Исуфри, шхалъэм
дэлъ сабийри сымэ къагъуэташ. 17 Ахэр щалъагъум, мэлэӀычым
сабийм теухуауэ къажриӀар абыхэм яӀуэтэжащ. 18 Мэлыхъуэхэм

яIуэтэжар зэхэзыха цIыху псоми ягъэщIэгъуащ. 19 Ауэ Мэрем мы
Iуэхугъуэ псори игу ириубыдэри егупсысащ. 20 Мэлыхъуэхэм зэхаха
икIи ялъэгъуа псом щхьэкIэ Тхьэр ягъэлъапIэу, фIыщIэшхуи хуащIу
ягъэзэжащ. А Iуэхухэр зэрекIуэкIар мэлэIычаым абыхэм
къазэрыжриIэгъам тетущ.